

# **KLAS OUVRIYÈ A AJI! (2)**

**BATAY POU 200 GOUD LA  
DWE KONTINYE!**

# Nou deside aji, kijan?

- Se nan lendi 3 dawou 2009, manifestasyon klas ouvriyè a koumanse devan Pak Endistriyèl SONAPI pou mande depite yo vote 200 goud kòm salè minimòm.



# Mobilizasyon devan Pak endistriyèl 3 dawout 2009



# Nou pran lari, nou pase chèche lòt, nou gonfle fòs nou

- P-au-P, 4 aout 09 [AlterPresse] - Des ouvrières et ouvriers du parc industriel de Port-au-Prince ont manifesté, dans l'après-midi du lundi 3 août 2009, en faveur du maintien de la loi, déjà votée par le Parlement, portant le salaire minimum journalier à 200.00 gourdes...
- Men te gen yon PREYANBIL, yon kòmansman, yon seri koze ak deblozay ak papotay ki te fèt sou do nou...
- Pale anpil te fè kenken, men nou t ap swiv ak prepare nou epi mobilize nou...

# Preyanbil la, se kisa li ye?

- Preyanbil la, se tout peryòd apre premye vòt pwojè lwa 200 goud la apre gwo manifestasyon Premye Me 2009 Kolektif Premye Me lapolis ak Minusta te bloke ak gaz lakrimojèn;
- Anfen, apre 2 lane depite Benwa te fin depoze lachanm - depi mas 2007 (!!!) - depite ak senatè yo, nan yon jès istorik (menm si an reta), te vote lwa ki resi ajiste salè minimòm lan a 200 goud.



# Preyanbil la, se...


- **Lit vanyan etidyan yo ki, konsène epi ki konsyan te mobilize fòs yo ak tout kè yo, pou egzije piblikasyon lwa sou salè minimòm lan.**



# Preyanbil la,

se manèv patwon soutretans yo ak responsab leta yo...

- Kote reskonsab ministè Afè Sosyal yo, an bon sousou, te toujou ranpli wòl 'pwotejè patwon' yo, nan pa janm aplike lalwa pou ajiste salè minimòm la kòm sadwa [ sètadi: chak lane fiskal kote enflasyon an depase di pou san (10 %)];
- Kote prezidan Preval, ki se "garan bon fonksyònman enstitisyon yo" (sipozeman) men, an bon sousou pannan, pa t janm nonplis asire pou ministè afè sosyal sila a ta fè aplike lalwa,



# Preyanbil la toujou, se...

- Se tout rankont nan palè pou kowonp palmantè yo prezidan Preval fè yo;
- Se spòt piblisite nan radyo ak televizyon kont 200 goud la;
- Se tout vye pwopagann sou lwa Hope ki pral pote anpil dyòb nan peyi a k ap pèdi;
- Se menas patwon soutretans yo ki di y ap fèmen izin si 200 goud la kenbe.



# Preyanbil la, se...

- Lè yo pa t janm ajiste salè a depi 2003 boujwa yo t ap penpennen ilegalman, san konte 3 lane avantaj yo ba yo anba defakto yo te mete sou pouvwa an 2004 la, san konte fo rapò yo bay DGI, san konte enpinite y ap jwi andedan izin yo, kote y ap revoke ouvriye pou dan griyen, fè kale ouvriye, jouk youn alatik jounen jodi a; san konte, san konte, san konte...



# Se sa k fè klas ouvriyè a reyaji!

- Pandan nou kite preyanbil la fin dewoule-layite kò l, n ap swiv, n ap gade, pandan yo **konnen**, veritab fòs la, se nou;
- Anfas Preval ansanm ak tout boujwa soutretans l ap pwoteje yo, si **klas ouvriyè** a li menm di “nou pa dakò”, kidonk: “pwodiksyon an pap ka kontinye, pap kontinye, anba rejim **lesklavaj** soutretans lan, kidonk si **nou** pa dakò, **ANYEN** p ap mache;
- Anfas je ajan sekirite faktori yo lapolis ak Minusta, nou deside...



# Nou pete chenn



# Nou pran lari...





# Yo ba nou gaz...




# Yo fè represyon, nou reziste...





# Represyon pa represyon, batay la ap kontinye

- Yon fwa ankò, anba direksyon ekzekitif la, fòs represif yo reprime manifestasyon ouvriye pou rache 200 goud mizè a. Yo eseye kraze manifestasyon an. Li regwoupe e relanse pi rèd. Madi 11 out la te di, men li montre detèminasyon ouvriye yo pou yo vanse nan batay la. Sou yon lòt bò, jouk kounye a, etidyan yo te arete abitrèman yo toujou nan prizon. Yo frape yo. Pa menm gen chaj kont yo. Pi rèd, devan fakilte syans imèn lan, yo kontinye ap arete etidyan ak pasan nan lari. Pandan tou sa montre aklè detèminasyon etidyan yo, pwogresis ki angaje 2 pye fèm nan menm konba a, li montre tou wotè represyon an rive. Men, fas a sa, fòs pwogresis yo pa janm lage.





# REPRESYON!

- Ata nan lantèman, MINUSTAH ap touye moun.



# REPRESYON!

Ata nan  
bakaloreya  
lapolis ap  
touye elèv.



**REPRESYON AN AP KONTINYE!  
MEN MOBILIZASYON AN DWE  
PRAN JARÈT PI RÈD!**

Se konsa n ap sanble

N ap konsolide, nan batay la menm,

**BATAY POU KONSTWI KAN PÈP LA.**

Mobilizasyon an dwe kontinye  
paske...

Nou se wowoli nan mitan  
pitimi, men lè sant nou va  
leve, yo pap ka kenbe !

**BATAY LA FENK KÒMANSE !**



Batay Ouvriye  
Out 2009